

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Basa boga sipat sakarepna, manasuka, dipilih kalawan acak, nepi ka taya patali nu logis antara lambang sora jeung objék nu dilambangkeunana. Basa anu dipaké ku masarakat téh tangtu waé anu dipikaharti ku nu makéna. Ku lantaran dipaké dina kontéks nu tangtu, basa téh bisa robah-robah. Parobahan wujud jeung harti dina basa jadi bahan pikeun panalungtikan.

Basa teu bisa dipisahkeun ti manusa. Ari sababna, basa dipaké ku manusa dina kahirupan sapopoé pikeun komunikasi. Komuniksasi mangrupa pakakas interaksi sosial, nyaéta patali marga antara individu atawa kelompok jeung individu atawa kelompok lianna. Manusa bisa silihtukeur informasi dina hirup-kumbuhna. Tumuwuh jeung mekarna basa téh ngan aya dina kahirupan manusa. Munasabah lamun basa téh jadi ciri has pikeun manusa dina hirup-kumbuhna.

Dina waktu komunikasi, basa dipaké pikeun nepikeun rasa, pikiran, jeung kahayang. Komuniksasi mangrupa pakakas interaksi sosial, nyaéta patali marga antara individu atawa kelompok jeung individu atawa kelompok lianna. Nurutkeun Sudaryat (2009, kc. 8) nétélakeun yén basa mangrupa sistem lambang sora nu dipaké ku manusa pikeun komunikasi. Komunikasi bisa lumangsung lantaran ayana interaksi antara panyatur jeung pamiarsa. Manusa dina ngedalkeun eusi pikiran sarta haténa boh kabungah atawa kasedih téh ngaliwatan basa. Satuluyna, Sudaryat (2014, kc. 12) nétélakeun yén basa mangrupa salah sahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna. Prosés komunikasi téh ngawengku medium vérbal (lisan) jeung nonvérbal (tinulis). Minangka medium basa lisan, ébréh dina paguneman sapopoé, pidato, béwara, jeung sajabana. Ari medium basa tinulis bisa aya dina majalah, koran, buku, jeung karya sastra tulis lianna.

Ébréhan makéna basa dina prosés komunikasi téh disebutna polah ucap (*speech act*). Éta kagiatan ngagunakeun basa anu disebut polah ucap “speech act”. Polah ucap mangrupa omongan nu dipaké ku panyatur jeung pamiarsa waktu komunikasi basa.

Syifa Nurafifa, 2022

**POLAH UCAP LANGSUNG JEUNG TEU LANGSUNG DINA NOVEL BABALIK PIKIR KARYA SAMSOEDI (ULIKAN SEMANTIK JEUNG PRAGMATIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lumangsungna polah ucap lantaran ayana panyangkem anu sarua di diri panyatur jeung pamiarsa. Sakumaha nu ditétélakeun ku Chaer & Leonie (2010, kc. 50), polah ucap nyaéta gejala individu anu sipatna psikologis jeung lumangsungna ditangtukeun ku kamampuh basa panyatur dina situasi nu tangtu.

Wadah dipakéna basa bisa dina rupa-rupa wangun wacana saperti narasi, déskripsi, éksposisi, jeung arguméntasi. Wacana narasi nyoko kana wangun rékaan (fiksi), ari wacana déskripsi, éksposisi, jeung arguméntasi nyoko kana wangun non-fiksi. Wangun rékaan umumna diwujudkeun ku karya sastra, nyaéta hasil rékacipta manusia dina wangun basa anu ngandung kaéndahan (Rusyana, 1982) Salasahiji karya sastra nyaéta novél. Dina novél, pangarang biasana nyaritakeun tokoh-tokohna saluyu jeung kahirupan sapopoé (Rahayu, 2014, kc. 44). Sanajan kitu, dina paguneman antar tokoh mah pangarang biasana nepikeun maksudna kalawan teu nembrak antukna nu maca kudu bisa maca kalawan gemet sangkan meunangkeun naon nu dimaksud ku panyatur.

Waktu komunikasi, panyatur nepikeun maksud atawa ma'na ngagunakeun wangun omongan nu bédabéda, boh langsung boh teu langsung. Polah ucap dibagi jadi dua rupa, nyaéta polah ucap langsung jeung polah ucap teu langsung. Polah ucap langsung mangrupa omongan atawa ucapan langsung panyaturna, ari polah ucap teu langsung mangrupa omongan teu langsung panyaturna.

Omongan panyatur dina waktu komunikasi, boh langsung boh teu langsung, dipangaruhan ku kalungguhan jeung masalah anu jadi kasang tukang munculna komunikasi. Ku kituna, polah ucap mangrupa salasahiji aspék nu kudu aya dina tiap omongan, jeung upaya ti panyatur pikeun nepikeun hiji hal ka pamiarsa. Dina ieu hal panyatur kudu bisa ngayakinkeun pamiarsa kana maksud nu bakal ditepikeun.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan pragmatik sabab polah ucap téh minangka komponen anu aya dina pragmatik. Polah ucap kaasup salasahiji tina opat komponén pragmatik. Polah ucap raket patalina jeung élmu pragmatik, lantaran polah ucap ngulik ngeunaan polah omongan nalika komunikasi basa dumasar situasi jeung kontéks (Titscher Spk., 2009).

Polah ucap mangrupa salasahiji analisis pragmatik anu matalikeun kasaluyuan adegan basa jeung makéna basa. Dina ieu panalungtikan, polah ucap ditilik tina polah ucap langsung literal, polah ucap langsung iliteral, polah ucap teu langsung literal, jeung polah ucap teu langsung iliteral (Sudaryat, 2016, kc. 218).

Polah ucap salasahijina kapanggih dina wangun karya sastra. Karya sastra miboga peran penting dina ngamekarkeun basa sarta nepikeun informasi. Polah ucap réa kapanggih dina paguneman, boh paguneman lisan boh paguneman tinulis. Paguneman dina wangun tinulis kapanggih, di antarana waé, dina karya sastra saperti novél *Babalik Pikir* karya Samsuodi. Dina novél bisa kagambarkeun ayana polah ucap. Sanajan kitu, sok aya nu teu bisa ngahartikeun paguneman antara tokoh, ku sabab dina paguneman sok aya ma'na nu nyamunina. Nu jadi cukang lantaranana téh dina basa tinulis béda jeung basa lisan anu ngagunakeun lentong, wirahma, jeung randegan pikeun ngécéskeun maksud omongan. Enas-enasna upama kurangna pangaweruh kabasaan, basa tinulis bisa ngabalukarkeun kasalahpahaman dina nyangking informasi nu dibalukarkeun ku ayana ma'na ganda atawa ambiguitas ma'na. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Indriani (2019, kc.2) yén dina basa tinulis téh nimbulkeun rupa-rupa ma'na jeung nangtukeun pisan kana hasil henteuna komunikasi basa.

Minangka contona dina sababaraha dialog novél *Babalik Pikir*, kapanggih omongan nu teu langsung literal. Ieu data aya dina dialog di handap.

Mantri :“Ari nurutkeun surat nu kapanggih tina kantongna mah, ngaranna Joko, budak kaluaran Opvoeding Gésticht Samarang.” (Samsuodi, 2018, kc. 65)

Omongan di luhur, katitén yén kalimah “Ari nurutkeun surat nu kapanggih tina kantongna mah, ngaranna Joko, budak kaluaran Opvoeding Gésticht Samarang.” kagolong kana wanda pragmatis polah ucap teu langsung literal. Ieu hal ku sabab, modus omongan anu dikedalkeun teu saluyu jeung maksud kedalingna. Kalimah “Ari nurutkeun surat nu kapanggih tina kantongna mah, ngaranna Joko, budak kaluaran Opvoeding Gésticht Samarang.” nyaéta polah ucap anu ngagunakeun modus

wawaran, tapi saenyana ieu kalimah téh miboga maksud séjén nyaéta mangrupa omongan nu ditepikeun ku Mantri ka Eméd. Mantri méré nyaho ka Eméd yén anu tiwas téh ngaranna Joko kaluaran Gesticht.

Panalungtikan ngeunaan polah ucap mémang geus kungsi dilaksanakeun, di antarana waé “Analisis Fungsi Tindak Tuter dina Naskah Drama Meredong Karya Rosyid E. Abby” (Mardian Chindra R, 2013). Éta panalungtikan téh medar ngeunaan fungsi jeung wanda polah ucap nu aya dina naskah drama Meredong karya Rosyid E. Abby. Lian ti éta aya ogé “Tindak Tuter Basa Sunda: Tilikan Pragmatik kana Ungkara dina Kaos Bobotoh Persib” (Febby Nurriyanti Irwansyah, 2013). Éta panalungtikan medar ngeunaan wanda, papasingan fungsi, jeung kontéks polah ucap nu aya dina ungkara kaos Bobotoh Persib. Ieu panalungtikan ogé medar perkara polah ucap, tapi aya bédana panalungtikan saméméhna anu medar polah ucap tina jihat wanda, fungsi, jeung kontéks polah ucap. Ari ieu panalungtikan medar perkara polah ucap langsung jeung teu langsung tina jihat literal jeung iliteral.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan polah ucap langsung jeung teu langsung dina karya sastra masih perlu diulik, utamana tina jihat semantik literal jeung iliteral. Polah ucap langsung jeung teu langsung anu diulik ayeuna dumasar kana sumber data nu mangrup novel anu judulna *Babalik Pikir* karya Samsodi. Aspék analisisna muaseur kana kombinasi polah ucap langsung jeung teu langsung kana ma’na pragmatis literal jeung iliteral. Ieu papasingan polah ucap téh bakal bisa dipaké pikeun nyingkahan ma’na ganda atawa ambiguitas jeung kasalahpahaman dina nyangking informasi ku nu maca. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Polah Ucap Langsung jeung Teu Langsung dina Novél *Babalik Pikir* Karya Samsodi (Ulukan Semantik jeung Pragmatik)” penting jeung perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Idéntifikasi Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan téh patali jeung polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samsodi. Ambahan ulukan polah ucap téh ngawengku wanda, sipat, jeung ma’na. Tina segi wandana, aya polah ucap lokusi, ilokusi, jeung perlokusi. Tina

Syifa Nurafifa, 2022

**POLAH UCAP LANGSUNG JEUNG TEU LANGSUNG DINA NOVEL BABALIK PIKIR KARYA SAMSOEDI (ULIKAN SEMANTIK JEUNG PRAGMATIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

segi sipatna, aya polah ucap langsung jeung polah ucap teu langsung. Tina jihat tapsiran sipat, aya polah ucap literal jeung polah ucap iliteral. Tina segi ma'nana, aya polah ucap komisif, impositif, éksprésif, jeung asértif.

Masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan dumasar kana dua hal, nyaéta sipat polah ucap jeung ma'na polah ucap. Masing-masing ambahanana ditétélakeun ieu di handap.

- a. Sipat polah ucap ngawengku polah ucap langsung jeung teu langsung, boh ébréhan ma'na literal boh iliteral. Dumasar kana variasina, aya rupa-rupa polah ucap, nyaéta polah ucap langsung literal, polah ucap teu langsung literal, polah ucap langsung iliteral, jeung polah ucap teu langsung iliteral.
- b. Ma'na polah ucap ngawengku opat rupa, nyaéta polah ucap komisif, impositif, asertif, jeung éksprésif.

Polah ucap komisif ngawengku genep ma'na: 1) ngawawarkeun; 2) nitah; 3) ngajak; 4) meredih; 5) ngahulag; jeung 6) ngantebkeun.

Polah ucap impositif ngawengku salapan ma'na: 1) nitah; 2) ménta; 3) ngadesek; 4) miharep; 5) nyarékan; 6) ngajak; 7) ngageuri; 8) ngajurung; jeung 9) ngawawadian.

Polah ucap éksprésif ngawengku sabelas ma'na: 1) nyarékan; 2) ngawilujengkeun; 3) cumeluk; 4) kagét; 5) tumamprak; 6) karumusaan; 7) bungah; 8) kanyeri; 9) mupuas; 10) geuleuh; jeung 11) keuheul.

### 1.2.1 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- 1) Polah ucap langsung jeung teu langsung naon baé anu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samsodi?
- 2) Sipat polah ucap langsung jeung teu langsung naon waé nu aya dina novel *Babalik Pikir* karya Samsodi, lamun dipatalikeun kana ébréhan maksud literal jeung ma'na iliteral?

- 3) Ma'na jeung subma'na polah ucap langsung jeung teu langsung naon waé nu aya dina novel *Babalik Pikir* karya Samssoedi?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun polah ucap langsung jeung teu langsung Basa Sunda nu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samssoedi.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) polah ucap langsung jeung teu langsung anu aya dina novél “*Babalik Pikir*” karya Samssoedi;
- 2) sipat polah ucap langsung jeung teu langsung, boh ébréhan maksud literal boh iliteral, dina novél “*Babalik Pikir*” karya Samssoedi; jeung
- 3) ma'na jeung subma'na polah ucap langsung jeung teu langsung dina novél “*Babalik Pikir*” karya Samssoedi.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu basa (linguistik), hususna widang pragmatik jeung semantik. Widang pragmatik patali jeung sipat polah ucap langsung jeung teu langsung sarta maksud ébréhan polah ucapna nu literal jeung iliteral. Widang semantik patali jeung ma'na katut subma'na polah ucap saperti komisif, impositif, asertif, jeung éksprésif.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna sacara praktis pikeun panalungtik, nu maca, guru, murid, jeung masarakat umum.

Syifa Nurafifa, 2022

*POLAH UCAP LANGSUNG JEUNG TEU LANGSUNG DINA NOVEL BABALIK PIKIR KARYA SAMSOEDI (ULIKAN SEMANTIK JEUNG PRAGMATIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

- a. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa dipaké nambahan référénsi panalungtikan ngeunaan kabasaan, hususna ngeunaan polah ucap langsung jeung teu langsung.
- b. Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi wahana ngajembaran pangaweruh basa Sunda.
- c. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi matéri aspék kabasaan kalimah husus ngeunaan polah ucap dina aprésiasi novel.
- d. Pikeun murid, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangdeudeul pikeun bahan pangajaran aspék kabasaan kalimah langsung jeung teu langsung dina novel; jeung
- e. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa dipaké nambahan pangaweruh ngeunaan pragmatik hususna polah ucap langsung jeung teu langsung dina karya sastra.

## **1.5 Raraga Nulis**

Ieu panalungtikan disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, anu rangkay tulisanana saperti ieu di handap.

Dina Bab 1 Bubuka, eusina medar kasang tukang masalah anu ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis), sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Dina Bab II Tatapakan Tioritis, eusina medar rupaning ulikan tiori, panalungtikan saméméhna sarta kalungguhan tioritis (anu ngawengku raraga mikir), wangenan fungsi katerangan, jeung unsur-unsur basa séjénna nu aya patalina.

Dina Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan desain panalungtikan (anu ngawengku pamarekan, méthode, jeung galur panalungtikan), sumber data anu digunakeun dina panalungtikan, ngumpulkeun data boh instrumén, téhnik jeung léngkah-léngkahna, sastra analisis data.

Dina Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan hasil analisis jeung déskripsi data panalungtikan sarta pedaran eusi panalungtikan.

Syifa Nurafifa, 2022

*POLAH UCAP LANGSUNG JEUNG TEU LANGSUNG DINA NOVEL BABALIK PIKIR KARYA SAMSOEDI (ULIKAN SEMANTIK JEUNG PRAGMATIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Dina Bab V Panutup, eusina ngeunaan Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi tina hasil panalungtikan.

Syifa Nurafifa, 2022

*POLAH UCAP LANGSUNG JEUNG TEU LANGSUNG DINA NOVEL BABALIK PIKIR KARYA SAMSOEDI  
(ULIKAN SEMANTIK JEUNG PRAGMATIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)